

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Udangan dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh babasan jeung paribasa Sunda misato ngagunakeun ulikan gramatikal, semantik, jeung étnolinguistik, di antarana ngawengku wangun gramatikal dina babasan jeung paribasa Sunda misato, maksud anu dikandung dina babasan jeung paribasa Sunda misato, sarta ajén budaya dina babasan jeung paribasa Sunda misato. Anapon, kacindekan dina ieu panalungtikan, diébréhkeun saperti ieu di handap.

Tina hasil panalungtikan, data babasan jeung paribasa Sunda anu raket patalina jeung ngaran-ngaran sasatoan, katut babagian awakna disebut misato. Anapon salain ti éta, anu disebut misato ogé kapanggih tina kecap pagawéan anu ilaharna dilakukeun ku sato, nyaéta dina data (200) *ulah sok ngéok méméh dipacok* hartina ulah sok ngarasa horéam ku pagawéan méméh dicoba. Kecap *pacok* di dieu mangrupa kecap pagawéan anu ilaharna dilarapkeun ka sato, saperti oray, hayam, jeung sajabana.

Data babasan jeung paribasa Sunda misato téh ditalungtik tina buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* karya Budi Rahayu Tamsyah, spk. jeung buku *1863 Babasan jeung Paribasa Sunda* karya Nugraha D. kapaluruh jumlahna aya 205, anu ngawengku babasan Sunda misato jumlahna aya 140 jeung paribasa Sunda misato jumlahna aya 65.

Wangun gramatikal dina babasan jeung paribasa Sunda dina ieu panalungtikan kapaluruh aya wangun kecap, wangun frasa, wangun klausa jeung wangun kalimah. Wangun kecap anu kapaluruh téh dina babasan Sunda misato wungkul anu jumlahna aya 86, ngawengku wangun kecap rundayan jumlahna aya 8, rajékan jumlahna aya 1, jeung kantétan jumlahna aya 77. Wangun kecap kantétan téh mangrupa wangun gramatikal pangréana anu aya dina babasan Sunda misato.

Wangun frasa anu kapaluruh dina babasan jeung paribasa Sunda misato anu ditilik dumasar kana wandana nyaéta frasa éndoséntrik jeung éksoséntrik,

kapaluruh aya 54. Wangun frasa anu pangréana kapaluruh téh dina babasan Sunda misato wungkul anu wandana éksoséntrik.

Wangun kalimah anu kapaluruh dina babasan jeung paribasa Sunda misato jumlahna aya 65, anu dipasing-pasing deui jadi wangun kalimah salancar basajan, wangun kalimah salancar jembar, jeung wangun kalimah ngantét. Wangun kalimah anu pangréana aya dina babasan jeung paribasa Sunda téh mangrupa wangun kalimah salancar jembar jeung kalimah ngantét.

Babasan jeung paribasa Sunda misato ditilik dumasar kana tata harti atawa ma'nana tangtu waé miboga maksud anu dikandungna. Maksud anu dikandung dina babasan jeung paribasa Sunda misato nyaéta paribasa Sunda anu ilaharna mangrupa silokaning hirup pikeun bahan babandingan laku lampah urang. Dina ieu panalungtikan maksud anu dikandung kapaluruh aya 65, anu ngawengku paribasa Sunda misato piluangeun, paribasa Sunda misato paréntah, jeung paribasa Sunda misato pituah.

Ditilik tina élmu étnolinguistik, babasan jeung paribasa Sunda kaasup kana salasahiji jenis folklor tradisi lisan, ku kituna saupama aya dina wengkuan tradisi tangtuna miboga ajén budaya dina harti anu dikandungna. Dina ieu panalungtikan, sakabéh data babasan jeung paribasa misato miboga ajén budaya anu nyampak dina harti anu dikandungna. Anapon, data ajén budaya dina babasan jeung paribasa Sunda misato kapaluruh jumlahna aya 205, anu ngawengku ajén budaya hubungan manusa jeung Gustina, ajén budaya hubungan manusa jeung alam, ajén budaya hubungan manusa jeung masarakat, ajén budaya hubungan manusa jeung sasama, sarta ajén budaya hubungan manusa jeung Gustina. Ajén budaya anu réa nyampak dina babasan jeung paribasa Sunda misato téh nyaéta ajén budaya hubungan antara manusa jeung dirina.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis wangun gramatikal, maksud anu dikandung, jeung ajén budaya dina babasan jeung paribasa Sunda misato, ieu panalungtikan satuluyna bisa dimangpaatkeun ngeuyeuban élmu pangaweruh kabasaan, utamana dina widang semantik jeung étnolinguistik babasan jeung paribasa Sunda misato. Satuluyna, bisa dilarapkeun ogé dina kahirupan sapopoéna yén babasan jeung

paribasa Sunda misato miboga maksud tur ajén budaya anu jembar, ku kituna bisa dipaké ku masarakat sangkan ngamumulé ogé tradisi lisan masarakat Sunda.

5.3 Rékoméndasi

Aya tilu rékoméndasi anu perlu ditepikeun sabada dilaksanakeunana ieu panalungtikan, di antarana:

Kahiji, dina ieu panalungtikan saukur ngabahasas unsur bababandingan dina babasan jeung paribasa Sunda misato wungkul. Unsur babandingan séjénna saperti ngaran kaayaan alam jeung laku lampah acan kapaluruh.

Kadua, élmu anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun pamarekan élmu semantik jeung étnolinguistik. Panalungtikan satuluyna bisa ngagunakeun pamarekan élmu lianna.

Katilu, data babasan jeung paribasa Sunda misato dina ieu panalungtikan ngagunakeun dua sumber buku, panalungtikan satuluyna bisa dipaluruh dina sumber séjén, boh dina buku boh di lapangan langsung.